ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№126 (21.284) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Мазихым кърикІуар

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэІуІэщІэр.

АБЫ ЩЫЗЭПКЪРАХАЩ 2007 гъэм, апхуэдэу илъэсым щыщу блэкІа мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хьумэныжкІэ и министерствэм и лэжьыгъэр зыхуэдамрэ пІалъэ кІэщІым,ику итым тещІыхьауэ а Іэнатіэм дяпэкІэ кьыпэщыт къалэнхэмрэ.

Къанокъуэ Арсен и пэублэ псальэм и ужькІэ, зэхьихьэм щеДзІуащ узыншагъэр хьумэныжкІэ министр **Бицу Вадим** ищІа отчетым.

Телсэпхыхьыныгъэ зэфІэкІа нэужь, республикэм и общественнэ лъэныкъуэхэм ящІэрыІуэ, министрэм я пщэрыльхэр зэрагъэзащІэр чэзууэ къыпщытащ.

ЗэІуІэм хэтащ КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Іэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Правительствэм и Іэнатіэ **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэхэр **Тхьэзэпхьыж Мурат, Дышэкі Мадинэ, Чеченов Ануар**, министрхэр, къэрал комитетхэмрэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ я унафэщІхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Іуэху щхьэпэ

Зыуэ щыт хъыбарегъащІэ Іэмалхэр

Мэкъуаугъэм и 26 - 28 махуэхэм Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ щекІуэкІащ Инди Федералыгъэ округым и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я щІыналъэ форум.

«Ди зэдэлажьэныгъэм псоми дифІ хэлъщ» зыфІаща зэІуІэшІэхэм къриубзлащ Кавказ Ищхьэрэм кьыщыдэкІ газетхэм, журналхэм я редактор нэхьыщхьэхэу, щыпІэ телевиденэхэм я Іэтащхьэхэу 100-м щІигъу.

Урысейм и Ищхъ щІыналъэм и субъектхэм щыІэ СМИ-хэм я лЫкІуэхэр гуапэу иригъэблагъащ адыгэ хэгъэгум икІи махуэгІкІэ екІуэкІыну Іуэхум и зэхэлыкІэу щытыным ноІуэсэ хуащІащ.

МЕЙКЪУАПЭ дэт Къэрал филармонием и щІыхьэпІэм кьыщыдэзрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм Адыгеим нобэ и щыІэкІэ-псэукІэр, и щІыпІэ дахэхэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ, хэхъуэ кьахуэзыхь Іуэхущ Іапіэхэмрэ инвестицэ зыхэлъапІэхъу кьадыдгъэ унэтІыныгъэхэмрэ екІуу щегъэувэкІат. Апхуэдэ щІыкІэкІэ бысым республикэм и Іуэху зыІутым зыщагъэгъуэза нэужь, хьэщІэхэр ещанэ кьатым ирагъэблагъащ.

Формуыр кьызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ АР-м и лъэныкъ Іуэхухэмкіэ, хэхэхэм запыщІэныжкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **ПІэтІокъуэ Асльан.** ХьэщІэхэм фІэхъус псальэкІэ захуигъэзэну абы кьэпсэльапІэр хуит хуищІащ Адыгэ Республикэм и Президент **Тхьэкіэшінэ Асльанчэрий.**

- Си гуапэу фыкъызогъэблагъэ ижь-ижьыж лъандэрэ хабзэ дахэ щызекІуэ, хьэщІэр фІыуэ зыІутыгъу адыгэ щІыналъэм, - жиІащ Президентым. - Урысейм и Ищхъ щІыналъэм и журналистхэр зэхуэзышІэса форумыр хэгъэзэгу зэхуэмыдэхэм щылажьэ прессэм и лІыкІуэхэр нэхъри зэкъуэувэныжкІэ льэбакъуэ хьарзынэщ. Си фІэщ мэхъу, нобэ екІуэкІ Іуэхум фи зэпыщІэныгъэхэр нэхъ быдэ зэрищІынур, фи лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхьыщхьэхэр зэригъэбелджылынур. Іуэху гъэщІэгъэн, купщІафІэ кІыв дэхуну, творческэ екъуалІэныгъэ ин фиЗну си гуапэщ. Кьыхэсэщыпхьащ дэ псоми ди кьалэныжмрэ хьэпсалэмрэ зэрыхэтхэурэ, ар ди къралыгъуэм и къэлэнкъ зэхуэмыдэхэм я псэукІэм зегъэужьынырщ, егъэфІэкІуэныр щ.

(КІуэхыр 2-нэ нап.).

Хэт лагъымхэр къэзыгъауэр?

Абхъазым и Гагр, Сыхум къалэхэм лагъым къыщыгъуэхэм чІгъэ ящІащ щІыкІу зыбжанэ.

Абхъазым и унафэщІхэм щэч кьытрахьэркъым зи гугъу тщІы щэрИэужьым икІи а къэралым хуиІэ гъунапкъэхэр зэхуащІ. Абхъхэм зэрыжаІэмкІэ, Курджым и мурадщ Абхъазым зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэр ягъэцІтну. Езы Курджым зыкІи зытригъэхьэркъым.

Іужьырей махуэ

Дыгъуасэ «ЕЭС РАО» энергохолдингым и иужьрей Іэжьхьэуэ махуэ щыгъуи. Бадзэуэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ ар ІыхьэІ зыбжанэу гуэщауэ щытынущ.

Апхуэдэ унафэ къыщтауэ щытащ УФ-м и Правительствэм. КъызэралыгъэмкІэ, мы Іуэхуэр щІэгъэкъуэн хуэхьунущ ток къэзылэжь Іэнатіэм зегъэужьыным.

Холдингым и унафэщІ Чубайс Анатолий езым и лэжьыгъуэхэм сэлам ярихьащ.

ЯкІэщІэдэІуэхьырт

Ставрополь крайм и УВД-м и унафэщІ Гончаров Николай хуэгъэза уголовнэ Іуэху къаІэтащ. Ар иогъэшхэм я телефонхэм якІэщІэдэІуэхьу кьыщІокІащ.

Прокуратурэм и деж щыІэ следственнэ комитетым Іуэхуэр зэхегъэкІ.

МафІэсхэр мэятэ

Ди къралым и щІыпІэ куэдым щыхуэбащэщ. Абы кьеІэщэ мафІэм нсынщ.

Амур областым гектар мин зыбжанэ мафІэ лыгъэм зэщІищтащ. Апхуэдэу мафІэсхэм ягъэгуэвэ Хабаровск крайм, Журтт автономнэ областым, Сахалин хьтІыгум щыпсэуэр.

МафІэр гъэункІыныным къаруушуэ ирахьэлІэ.

Хартум и гъунэгъуу

Суданым кьыщекІуэхащ Ил-76 транспорт къуэкІыр.

Къралым и кьалащхьэ Хартум и аэродромым зыпетлъэтыкІыу ар кьеІуэжащ, мафІэ кьыщІэнэри. Экипажыр СНГ-м и къралхэм щыщ уасэгъафащ. ПІыри хэкІуэдащ.

Япэ зыкъраГъэщ

Японием и кьалащхьэ Токио хуабжьу щызэрыдзекъуащ полицэмрэ антиглобалистхэмрэ.

Иужьрейхэр, наІуэу зэрыщытщи, кьоуэ глобализацэр ямыдэу. Іуэхур ирагъэхьэлІащ къаралышхуэу 8-м я унафэщІхэм тхьэмахуэ зэхуаку дкІмэ, Токио кьыщызэІуахьыну саммитым.

(ИТАР-ТАСС).

◆ Канадэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Канадэм и махуэщ.
◆ Итльэси 10 и пэкІэ (1998) УФ-м и Президентым кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, Первозванный Андрей щихьым и орденыр зэфІагъэувэжащ. АбыкІэ ягъэпажэ Урысейм зиужьыным хэлъхьэныгъэ ин дыдэ хуэзыщІа къэрал, жьыгаГъэ лэжьакІуэ щІыпІуэхэр. ЗэфІагъэувэжа орденыр япэу ирагащ академик Лихачев Дмитрий. ЕтІуанэу дамыгъэ льапІэр хуагъэфэщащ АК-47 автоматыр къэзыгупсыса Калашников Михаил.

◆Итльэс 40 и пэкІэ (1968) Лондон, Москва, Вашингтон Іэ щытрадзэу щІадзащ ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуным теуэуа зэгурыІуэныгъэм. А махуэ дыдэм абы Іэ традзащ къэрал 50-м щІигъуи. 1970 гъэм тыгъэгъуэм и 5-м кьару иГъэтащ. Ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуныжмкІэ зэгурыІуэныгъэм зыхьа къэралхэм 1995 гъэм ирагъэкІуэкІа конференцым хэтхэм унафэ кьащтащ абы кьаруу щІыну пІалъэр мардэшІэу ягъэІэбэну.

◆Китайм и Коммунист партыр - дунейм и политикэ зэгурыІуэныгъэ ин дыдэр (щІыхь мелуан 73-рэ мин 36-рэ хэтщ) - кьыщыІэрагъэпэща махуэщ (1921).

◆Бадзэуэгъуэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ Франджым Евросоюзым унафэщІ кьулыкъур щиІыгъынущ.

◆ Бадзэуэгъуэм и 1 - 4-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «ДыкъэзыухъурехьэкІ дунейм и Іыхьэм и узыншагъэмрэ» 2-нэ дунейпсо экологие зэхьыхэр.

◆Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 28-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 55-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакьикъ 27-рэ.

ПІэІапІэр зыгъэхьэлІэр ПАЛ М ухьмэдж.

Лъэпкъ Іущигъэ:

Гъавэр бэвмэ, дэрэжэгъуэр инщ.

●КЪБР-м и Правительствэм

Республикэм и Правительствэм зи чэзу зэІуІэ мэкъуаугъэм и 26-м екІуэкІащ. Абы щытепсэльыхьащ КЪБР-м и экономикэм, социальнэ Іэнатіэм дызэрыт зэманым щызэфІэгъэкІын хуэй Іуэху нэхьыщхьэхэм. Гульытэ зэхуэщІащ псэунигъэ и лъэныкъэкІэ нэхъ гугъу ехь щІыху гуп щхьэхуэхэм къэралыр зэрадзІэныкъыр егъэфІэкІуным, хьэрычэт Іуэхум зегъэужьынымкІэ Іэмал нэхьыщхьэр къыхэзгъэпэщыным.

ЩІат пщІэм щыщ Іыхьэр

Республикэм и Правительствэм хьэрычэт Іуэху мыиныбрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зауэжьынымкІэ Іэмал нэхьыщхьэр кьызэгъэпэща хьун папщІэ унафэ ищІащ Іуэхуэ Іапіэ мыинэхэрэ Іуэхуэ Іапіэ курытхэмрэ электросетхэм зэрыпащэм папщІэ щІатын хуей ахьышм щыщ Іыхьэр КЪБР-м и республикэ бюджетым кьыхэкІыу хуапшынынущ.

Экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий** зэрыжаІамкІэ, хьэрычэтыщІэхэм ахьышэнхэу трагъэкІуэдэн хуей мэхъу езыхэм кьызэрагъэпэща Іуэхуэр ЕлектроІуэдэн хуей мэхъу ежьхэм электрокварр кьрашэлІэн, хьэрычэт Іуэхуэ зэфІагъэкІын зэрыхуейр кьэптыгъэ, а ахьышэр хуэдитІым нэблагъэкІэ нэхьыбэ мэхъу. Апхуэдэ хэщІыныгъэхэм хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я зыужьынигъэ зэралъхьэм кьыхэкІыу зэхалъхьащ «2007 - 2011 гъэхэм КЪБР-м хьэрычэт Іуэху мыиныбрэ щыщегъэужьынымрэ ар щыдэІыгъынымрэ» республикэ программэ хэхам хиубыдэу къэралым зэфІигъэкІынухэр. Субсидиехэр иратынущ хьэрычэт лежьакІуэхэм кьабгъэдэкІ хьыбарегъащІэхэм ящхь иткІэ, ДэІэпыкъуныгъэр зратынухэм я тещІыхьауэ зэхэгъэщхьэхуКІауэ щытынущ.

Щхьэщхьэкъуэ хьэрычэт лежьакІуэхэмрэ Іуэхуэ Іапіэ щыкІэ дыдэхэр кьызэІуихахэмрэ киловатт-сыхьэти 100-м щІимыгъу лъэщагъ зиІэ технологие Іэмэпсымэхэр пащІэн папщІэ трагъэкІуэдам и процент 70-р, хьэрычэт Іуэхуэ Іапіэ мыинхэм киловатт-сыхьэт 500-м нэс зи лъэщагъ технологие Іэмэпсымэхэр пащІэн папщІэ трагъэкІуэдам и процент 50-р, хьэрычэт Іэнатіэ курытхэм киловатт-сыхьэт 1000-м нэс зи лъэщагъ технологие Іэмэпсымэхэр пащІэн папщІэ трагъэкІуэдам и процент 30-р хуапшынынущ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іэ **Ярин Андрей** зэІуІэм щыжиІащ энергием и уасэм хэхьуэурэ зэрекІуэкІынущ, энергие зэрыкІуэ сетхэр зэгъэпэщыжынымкІэ ахьышэхуэ зэрытекІуэдэнур, абы пащІэхэм кьыІах ахьышэри нэхьыбэ зэрыхьнур. А псори къэлытатауэ, щІыхэм, хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я Іэнатіэхэм загъэщІэгъэкъуэн хуейщ.

Ахьшэ Іэрымылъхьэ

КЪБР-м и щІыхьэм ящыщу нэхъ хуэмыщІахэм псэупІэмрэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм хуКІэрагъэхуу зэрекІуэкІар дяпэкІэ щагъэІэжьынукъым. Мы илъэсым и кІэухым ящэкІуэ ахьшэр щІыхуэхэм хуагъэхьынущ абыхэм кьызэІуаха счет щхьэхуэхэм. Комиссэм и зэІуІэм апхуэдэу щыжиІащ КЪБР-м и лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынигъэмкІэ и министр Тюбеев Альберт.

Министрым кьыхигъэщхьэхуэ Іащ льготэ зиІэ щІыхуу федеральнэ, республикэ реестрхэм хэтхэм псэупІэмрэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм зэрызыщІагъакІуэ ахьшэр ящэхэм хуэдэу псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапіэхэм зэрырамытынур, атІэ езы щІыхуэхэм зэрыхуагъэхьынур. Льготэхэм я пІэ нуэ ахьшэ бжыгъэр псэупІэмрэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм тещІыхьауэ щІыхуэхэм банкхэм къыщыдэІуаха счетхэм маэ къэс хуХалъхьэнущ.

Мыбдеж шынагъэу щыІэщ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэрыщІэзыхьа ахьшэр щІыхуэхэм нэгъуэщІ мурадхэм трагъэкІуэдэнкІэ. Апхуэдэу кьэхъункІэ зэрытешынихьыр зэІуІэм щыжиІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іэ **Ярин Андрей.**

- Газымрэ хуабэмкІэ республикэм тель щІыхуэр мы илъэсым кьрыубыдэу дыпшынижьыну икІи апхуэдэ зэкІэлъымыкІуагъэ дяпэкІэ кьэдмыгъэхъуну ди мурадщ, - жиІащ Правительствэм и Іэтащхьэм. - Абы кьыжьІыу дэ Іуэхум и лъэныкъуэ псори кьэтлытэн хуейщ аргуэру щІыхуэ кьыттемыхуэн папщІэ.

Тюбеев Альберт зэІуІэм щыжиІащ псэунигъэм ехьэлІа льготэхэр кьаралым и щІыналъэ папщэм кьызэрыщІабжьым, социальнэ карт фІфІ щыщІэдзэ зрата системэм кьэдым узэрыхуауцІыр. Абы и лъэныкъуэкІэ ятжьыну Іуэхуэм ди щІыналъэм щыІэ банкхэр кьыхьыхьэну икІи апхуэдэ проектхэр гъэзэщІэным езыхэм я мыльку трагъэкІуэдэну хьэзырщ.

Проектым кьыдэкІуэнкІэ хьуну гугъехьхэр зыхуэдэр наІуэ кьащІыни папщІэ, а Іэмалыр зэкІэ районхэм ящыщ зым кьыщагъэзэбэпу епльыну Правительствэм и Унафэщ Іэм кьыхилъхьащ.

ЦІыхухэм я псэукІэр ирагъэфІакІуэмэ

Къэрадымрэ бизнесымрэ зи хуитныныгъэкІэ зэхуэдэ льэныкъуитІу зэдэлэжьэныр зэтегъэувэн хуейщ. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм и хабзэ льабжьэхэр кьызэрегъэпэщ «КЪБР-м хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зыщегъэужьынымкІэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу экономикэм а и Іэнатіэм щыІэ гугъуехьхэр зэхэгъэкІынырэ, ахэр зэрыдгъэзыІыпхъэ Іэмалхэр зэхэлъхьэныр, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным и лъэныкъуэкІэ бизнесым ихь жэуапыр кьэІэтынырэ, щхьэзакъуэ мылъкур зезыгъакІуэ цІыхухэмрэ къэралымрэ я зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьынырэ, хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ къэралым зэрыдгъэІыгъыр зэІухуэу, псом я дежкІи гурыІуэгъуэ кьызэІэпэщынырэ зегъэужьыжырэ.

КЪБР-м экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий** зэрыжаІамкІэ, зытепсэльыхь законопроектым нэхъ гурыІуэгъуэ ещІ федеральнэ законым хэт мардэ щхьэхуэхэр. Кьапщтэмэ, мы документым кьегъэув хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ я субъектэ къэралдэ дэІэпыкъуныгъэ зратхэм я регистрэр кьызэрагъэпэщыну, хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ дэІыгъынымкІэ муниципальнэ щІыналъэхэм ират субсидиехэр тэмэму кьэгъэсэбэпа эрыхьэм и лъэныкъуэкІэ щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм яхь жэуапыр кьаІэтыну. Апхуэдэу абы кьегъэув хьэрычэт Іуэху мыиныжрэ хьэрычэт Іуэху курытымрэ зегъэужьынымкІэ Іуэхущ Іапіэ КЪБР-м и кІыщІэ норматив правовой актэм я жылагъуэ экспертизэ ирагъэкІуэкІын хуейуэ.

ХЬЭПЭ Мариэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Къалащхьэм щыхъыбархэр

«Гъэшхэкі ерыскъыпхъэхэр» Іуэхущ Іапіэм зэпымыууэ зеубгъу

«Гъэшхэкі ерыскъыпхъэхэр» заводыр Налшык къалэм и предприятэ нэхъыфІхэм ящыщу къалытащ. Цыхухэм ягу ирохь абы игъэхьэзырыр щхэр, шатэр, шэ щІэгъэщтхьар, кхъуей зэмылІужьныгъуэхэр. Ахэр ди республикэм и мыдакъуэу, ди гъунэгъу щІыналъэхэми щащэху.

Предприятэм зэпымыууэ зеубгъу. Мы гъэм и япэ мазитхэм кьриубыдэу абы ш щІэмыхьауэ тонн 1394-рэ, кхъуей-уэ тонни 178-рэ, тхъуцІынэу тонн 1311-рэ кьыщІигъэкІащ. Заводым махуэ кьэс жьыуэІэм хуэдэу Іэнатіэщ Іэхэр кьыщызэІуах. Нэгъабэ лажьэу яутІыпщащ кхъуей гъэІкІуаэр щащІ цехыр, мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм кьызэІуахащ кхъуеи Іпльатъэ щыхах Іэнатіэр.

Иджыблагъэ мыбы Налшык къалэм и Іэтащхьэ Хьэмгуокъу Леонидрэ абы и къуэдзэ Тюбеев Хьэзырррэ щыщыІам зрагъэлъэгъуащ Іуэхущ Іапіэм аргуэру кьриГъэжьауэ ищІ цехыр. Заводым и унафэщІ Якубов Шамсудин зэрыжиІамкІэ, ар мы гъэм кьрыубыдэу хьэзыр ящынущ. ЦехыщІэм кьыщІигъэкІынущ европэ кьэралхэм щыхах кхъуей лІэужьыныгъэ нэхъыфІхэр. Мы Іэнатіэм щыІэ 20-м нэблагъэ лэжьыгъэкІэ кьызэрыгъэпэщынущ.

Налшык къалэм и Іэтащхьэм хуабжьу игу ирихьауэ предприятэм кьыщІигъэкІ ерыскъыхэкІхэр икІи ахэр сабий Іуэхущ Іапіэхэм хурагъэшэн папщІэ зэгурыІуэныгъэ абы ещІыпІэн хуеиуэ кьиІытащ.

Хьэмгуокъу Леонидрэ Тюбеев Хьэзыррэ камерэхэр зэрылажьэм йопль.

Уэрамым зэрыщызекІуэм камерэхэр кІэлъопль

Налшык къалэм Кулиевым и цІэр зезыхьэ и уэрамым щыщу зы метр зэрегъуэжатІи хэткъым камерэхэмкІэ кІэлъымыплъу. Къалэ администрацэм зэрыгурыІуам тету апхуэдэ системэ зэжьа гъэунэхуныгъэ щыкІэу ЗэтрегъэувэкІа «Бжьыгъэ системэхэр» ООО-м. Камерэхэм кьагъэльагъуэ мыбы щызекІуэ автомобилхэм я дамыгъэхэри, а автомобилхэр зезыгъакІуэхэри, абыхэм гъэзгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэри.

А псоми щыгъуазэ зищІа нэужь, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Хьэмгуокъу Леонид кьыхильхьауэ щытащ мыпхуэдэ системэ щхьэхуэхэр пщІантІэ хэхахэми щагъэуву еплъыну. Махуэ зыбжанэ фІэкІ дэмыкІыу апхуэдэ камерэхэр пщІантІэ зыбжанэм щагъэуващ. Абыхэм кьагъэльагъуэ коммуналнэ Іуэхущ Іапіэхэр зэрыщІэзыІ, псалъэм папщІэ, тхьэнкІийр и зэманым зэрыдашыр, а пщІантІэхэм щызекІуэхэр. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, мы системэр щыхуэхэм я щынагъуэншагъэр кьызэрэпэщынымкІэ сэбэпшхуэ хьунущ. Пэжщ, зэкІэ трауухуакъым мыпхуэдэ системэхэр зэрыщыту кьалэ псом щагъэувыфынрэ щамыгъэувыфынрэ. Дауэ мыхъуми, иджыпрей технологиехэр кьэгъэсэбэпынырэ кьалэм дяпэкІи зиужьынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм эращыщыр щэч кьызэтумыхьэщ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Гъавэ-2008

Зэгъусэу щІадзэ

Бжьыхьэсэ гъавэр Іухьжьным зэгъусэу щыпэрыхьащ Тэрч, Май, Прохладнэ куейхэм.

ЗЭРЫЛЭЖЬА махуэ зыбжанэм кьриубыдэу хьэуэ гектар 700 Іуахыну хунэсащ, Іэ гектарым центнер 30 кьытрах. Псом хуэмыдэу гъавэ бэвкІэ мэгугъэ Май куейм щызэхэт «Ленинцы», «Александровская», «Красная нива» тафэтес мэкъумэш хозяйствэхэр. Мыбыхэм зы гектарым хуэзэу кьэуэ центнер 35-рэ хэтрах. Гъавэр Іузыхьж комбайнхэм я ужьыным иТу гуфІэуэ ямыІэ. Іэ хуэдэ ящІ. Хьэуэзэ зэщІэзыкъуэу ар зэкІэуэцІызыпхэж мэкъумэщ техникэр. Техникэм я районхэр тэмэму кьызэрызэгъэпэщам и фІагъэкІэ, тхьэмахуит нэхъыбэ трагъэкІуэдэнукъым бжьыхьэсэхэр Іухьжьным.

ЛЪОСТЭН Музэ.



Туризмэм зрагъэужь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *«Архыз» курортым щагъэужьну Романтик зыслагъуэм и генералыр планым и презентацэ иджидІагъэ республикэм щекІуэкІащ. «Синара Групп» ЗАО-м и унафэщІ Ширяев Александр зэрыжиІамкІэ, поселкэм и япэ мывэр фокІадэм ягъэуІыжынущ.*

2009 ГЪЭМ гъатхэм Романтик жылагъуэр ухуэн щІадзэнущ. Ар япэ лъэбакъуэу щытынущ зэпыу имыІэу ильэсым лажьэу зэтраухуэну «Архыз» курортыр кьызэІухыным. «Ухуэныгъэ зархитектур» Іуэхущ Іапіэм и архитектор нэхъыщхьэ Корсин Виктор зэрыжиІамкІэ, Архызыз жылагъуэмрэ Романтикымрэ зэпызыщІэ гъэзгур ухуэным мы зэманым щІадзэнущ, абы ельэлІа лъжьыгъэхэм сом мелуани 170-рэ текІуэдэнущ: мелуани 130-р - федеральнэ, 40-р республикэ бюджетхэм кьыхэкІынущ.

Апхуэдэуи презентацэм щытепсэльыхьащ ящхуэну курортым газ ешэлІа зэрыхьунум. ІущІагъэлІхэм кьызэрыхагъэщамкІэ, Инкидж станицым щегъэжьауэ газ бжьамий километр 70-м нэблагъэ укъуэдин хуейщ. Абы сом мелуан 60-м нэблагъэ текІуэдэнущ. Курортым ирашІэну газыр ялъэІэснущ абы кьедыслІа жылагъуэхэми.

КъШР-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министр Тамбий Руслан зэрыжиІамкІэ, фокІадэм ирихьэлІэу Романтикым къэлыкъуакІуэ-кьегъэлакІуэ станц щахуэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Архыз» курортым хыхьнущ Архызыз, Дыкъуэ, Романтик жылагъуэхэр.

Апхуэдэуи унафэщІхэм зэрыгурааухуамкІэ, курортым лэжьэн щІидзэмэ, илъэсым кьриубыдэу сом мелардиплІ «Архыз»-м кьыщалажьын хуейщ, абы наІогьу сом мелард кьыхэкІынущ.

Я гуапэ хъуакъым

АБХЪАЗ. *Республикэм и УнафэщІ Бзэгъэпщ Сергей Москва щыГъу Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Іуэлащ.*

АБХЪАЗЫМи Президентым и пресс-службэм къызэригамкІэ, Бзэгъэпщ Сергей Медведев Дмитрийр тепсэльыхьащ курджы-абхъаз зэпсэльэныгъэхэр егъэжьжа зэрыхъуныным, щІыналъэм щыщІэ щытыкІэм, нэгъэщІ Іуэхугъуэхэм.

Бзэгъэпщ Сергей УФ-м и Президентым жриІащ а зэпсэльныгъэхэм щІадзэжьынущ Іуэхугъуэхэм. Абы иригъэкІуэлІар ирихьэлІэу Романтикым къэлыкъуакІуэ-кьегъэлакІуэ станц щахуэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Архыз» курортым хыхьнущ Архызыз, Дыкъуэ, Романтик жылагъуэхэр.

Хъыбар зэрыщыІэмкІэ, курджъым я гуапэ хъуакъым Медведев Дмитрий Абхъазым и Президентым зэрыщІэр икІи кьыжьаІащ курджы-абхъаз зэхущытыкІэр ефІэкІуэным Урысей Федерацэр зэран хуэхъуу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэныбжьэгъугъэм, шыІэныгъэм хуагъасэ

Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэу Шэпшэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Ставрополь краймрэ я сабийхэм папщІэ бадзэуэгъуэм и пэ махуэхэм лэжьэн щІидзэнущ ООН-м и Сабий Фондым (ЮНИСЕФ) кьызэригъэпэща зыгъэпсэхупІэ-нэгъэгъэжьыпІэ лагерым.

ТЕНДЖЫЗ Іуфэм пэгъэнэгъуэ щыІэ Избербаш къалэм и «Поиск» лагерым зыщагъэпсэхуну Іэмал зиІэ щытынущ сабий 262-м. Абыхэм щхьэкІэ кьызэрагъэпэщынущ зэхьэзэхуэ зэмылІужьныгъуэхэр, нэгъэгъэужь джэгукІэ дахэхэр - «Нептуным и махуэ», «Форт Байярд», «Сыт? Дэнэ? Дапщащэ?», нэгъэщІэхэр.

Сабийхэм я хьэщІэнущ ЮНИСЕФ-м и лІыкІуэ, телевиденэм и лэжьакІуэ Федоровэ Оксанэ. Абы иригъэкІуэныгъэ щыкІуэм езыхэм кьызэрагъэпэща концертыр. Апхуэдэуи а махуэхэм лагерым яхуеблагъэнущ ЮНИСЕФ-м и кьудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэм и унафэщІ Мустэфа Рашед, щІыналъэ зэмыстеркъэхэм я лэжьакІуэхэр, нэгъэщІэхэри.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, ЮНИСЕФ-м и сабий лагерыр 2005 гъэм щегъэжьауэ жьыджэру Кавказ Ищхьэрэм щолажьэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр Іэпыкъ зэзэмыжьыгъуэр Іэпыкъ зэзэмыжьыгъуэ, гуп хэтыкІэм сабийхэр хуэгъэсэнырщ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Москва и Іэтащхьэхэм я жэуапыр

Ди хэкум и кьалащхьэм зи щхьэр кьыщызыІэт национализтхэм нэхъ ткІийуэ япэщІэуэвэнымкІэ лжьыпхъэхэр Москва кьалэм и къэрал властым и органхэмрэ хабзэхьумэ органхэмрэ зэщІыгъуу яубзыхуну Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым мы гъэм и гъатхэпэ мазэм льэІукІэ захуигъэзэу щытащ Москва кьалэ Думэм и депутатхэмрэ Москва кьалэм и Іэтащхьэ Лужков Юрийрэ. Кьащтэмэ, абы кьыщыгъэльэгъуат нэгъэщІ льэпкъхэм кьыхэкІауэ Москва кьалэм дэсхэм, абыхэм ЭкьэбгрэІ-Балькъэрым икІахэри яхэту, щІэныкъэжащІэхэр нэхыбырэ ятеуэ зэрыхъуам КьБР-м и Парламентым и депутатхэр зэрытегъэзыжьыр.

Идыкьлалъэ республикэм и Парламентым кьыЗрыхьэжащ а гъэтхэм и жэуапыр. Абы итщ:

«МОСКВА кьалэм национализтхэм я щхьэр кьыз эрыщІэІэтым, нэгъэщІ льэпкъхэм, расэхэм кьахэкІаХэр ятьагъу зэрымыхьэм кьыхэкІыу нэхъыбэрэ ятеуэ зэрыхьуам теуХауэ КъэбэрдэйБалъкъэр Республикэм и Парламентым Москва кьалэм и унафэщІ Лужков Ю.М. зэрызыхуигъэзам Москва кьалэм и гъэзэщІакІэ ямыгъэ и органхэр гулытэ хуащІу хэпльащ.

Апхуэдэ мыхьэмышІэу Москва фызэрытегъэзыжьыр сэри хэбдзын щымыІэу кьызэощтэ, щІыхэр кьызыхэкІа льэпкъкъым, расэм тещІыхьауэ ятьагъу зэрымыхьэм кьыхэкІыу ятлэжь щІэпхъаджагъэхэм зэрыщыту къэралым и льэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр зэрырагъэкІакІэр кьызэгуроІуэ икІи хьыбар фызогъащІэ ящІэхэкІэ кьыщызгъэльэгъуа кьуанщагъэхэр кьэмыгъэхьуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр Москва кьалэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ хабзэхьумэ органхэмрэ зэщІыгъуу зэрырагъэкІуэкІымкІэ.

Москва кьалэм экстремист хуэмэбжьымэхэм я щхьэр кьыщемыгъэІэтыным, льэпкъ зэмылІэужьыгъэхэм кьыхэкІаХэм, зэрыт динхэр зэхуэмыдэ щІыкуэхэм я зэхущытыкІэхэр зэтегъэувэным и льэныкъуэкІэ 2007 - 2008 гъэхэм Москва кьалэм щызэфІагъэкІыну Іуэхуэхэр яубзыхуауэ ятьагъэщІэ. ЗыхуэфащІэ зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэжьынгъэхэмрэ хальхьащІ 2006 - 2010 гъэхэм кьалэм жылагъуэ хабзэр щыхъыумэным, щІыхэхэм шынагъуэ хуамыгъэзэным теуХуа программэ хэХам. Апхуэдэу мы зэманым йолэжь 2008 -2010 гъэхэм ятещІыхьа «ЛЪэпкъ кІуэдщІыпсэу Урысейм и кьалащхьэ», щІалэрыуалэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ Іуэху щхьэхуэхэм.

ИкІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм ящыщу кьалытауэ, хабзэхьумэ лэжьакІуэхэр мы зэманым я Іуэщ хабзэр сытым дежи кьызэпаудыну, лей зэрахьну хьэзыр щІалэгъуэдэ гупхэм я Іэтащхьэхэм. Абыхэм щепсалъэкІэ, гурагъаІуэ єэьхэр зи пашэ гупхэм зэхащІыхьхэр кьалэм и зэпІэзэрытыныгъэм зэрин гъэхьуэхьур, кьалэдэхэм я зыужьыныгъэр кьызэрызэпаудыр. Апхуэдэу национализ гупхэм я Іэтащхьэхэм ящыщ дэтхэнэ зыми пІалъэкІэрэ яхуоз икІи абыхэм щІалэгъуалэр экстремист зэгухьэныгъэхэм хашэну зэрыхуимытыр, абы пащІэ фІэкІыпІэ имыІэу законым кьыщыгъэльэгъуа жэуапым зэрыраІэуэ гурагъаІуэ.

Москва и Правительствэм и жэрдэмкІэ льэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, хабзэхьумэ органхэм зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ официальнэу кьэралым итха ультрапатриот зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм щепсалъэ «СТ1ол хьурейхэр». Апхуэдэ лэжьыгъэр нэрыгъаІуэу сэбэп мэхъу щІэпхьаджагъэ зыужьыну хьэзыр националист гупхэр кьызэтегъэувэ ІэныкьКІэ, псоми я зэхуэдэ Іуэхуу кьалэм щыІэхэм зэщІыгъуу елэжьныкьмкІэ.

ЩІалэгъуалэм драгъэкІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэн пашІэ, СНГ-м хэт кьэралхэм я лЫкІуэхэр, Урысей Федерацэм и республикэхэм я полномочнэ лЫкІуэхэр, льэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр кьалэм и вузхэм щеджэ студентхэм яІуэщІу щІадзащ. Абыхэм кьадэкІуэу, террористхэм ящІэтныныкІэ кьалэ округэм я комиссэхэм щыхэпльащ нэхъ егъэлеяуэ щыІ Іуэхуэхэр пхьызыгъэкІыну хущІэкъуэ партхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я мурадхэр хэЎущІыУ щІыным пыщІа лэжьыгъэ вузхэм ирагъэкІуэкІыну зэрыхуимытым теуХуа дэщІыгъуэхэмкІэ еджапІэ нэхъыщІхьэм я уставхэмрэ адрей хабзэ - мардэхэмрэ хэпльхьэным.

Москва кьалэм и административнэ округэм я префектурэхэм щІагъэхуэбжьащ жылагъуэ хабзэр хьумэным, еджапІэм щІэсхэр кьызыхэкІа льэпкъкІэ тещІыхьауэ щызэпэщІэувэ кьэмыгъэхьуным елэжьыну студент дружинэхэр кьызэгъэпэщынкьр. Апхуэдэу национализт Іуэху епІтыкІэм дихьэха ныбжьыщІэхэм ядэлэжьэн пашІэ Москва и вузхэм щІэс студентхэм ящыщ гупхэр кьызэрагъэпэщ. Нэхъ ткІийуэ кІэльыпІпльу щІадзащ курыт еджапІэхэм щыІэ дзэ-спорт клубэхэр зэрылажьэм.

Къэрал кІуэщІ ІуэхуэхмкІэ управленэ нэхьыщхьэу Москва кьалэм щыІэм ищхьэкІэ кьыщыгъэльэгъуа щІэпхьаджагъэхэр кьэмыгъэхьунымкІэ, щІэпхьаджагъэхэр кьыщІэгъэщынымкІэ оперативнэ дзэкьыгъэхэм я план зэхилхьауэ егъэзащІэ икІи ар нэрылъагъуэ сэбэп мэхъу экстремизмэм зыкьемыгъэІэтынымкІэ.

ИщхькІэ кьыщыгъэльэгъуа псори кьэтрытыратэу икІи кьалэм социальнэ зэпІэзэрытыныгъэ щыІэным Москва кьалэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэр зыбгрЫауэ зэрелжьыр и лЫабжьэ, Урысей Федерацэм и хэгъэгуэр зыхуитым тещІыхьауэ хьыбар фыдогъащІэ зи гугъу тщІы ІэнатІэм дяпэкІэ щалэжьыну псори Іуэхум и кьызэгъэпэщыкІэм и фІагьыр зыхуэунэтІауэ зэрыщытынымкІэ».

● Ди сурэт гъэтІылъыпхъэхэр

Урыс пащтыкъ Николай Езанэр 1837 гъэм и фокІадэ мазэм и 20-м Геленджик (ХьэфІыцІей) жылэм деж щотІысыкІ. *Сурэтыр* **АЙВАЗОВСКИЙ Иван** *ищІащ.*

Бийм кІэлъыпхъэрахэр. *Литографиер XIX лІэщыгъуэм ящІащ.*

Думай Борис и дамыгъэ

Къэрал кІуэщІ органхэмрэ къэрал кІуэщІ дзэхэмрэ я ветеранхэм я Урысей Советым и Президиумым и унафэкІэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и ветеран советым и унафэщІ Думай Борис кьыхуагъэфэщащ «НІэ фыщІэхэм пащІэ» орденыр. Къэрал кІуэщІ ІуэхуэмкІэ министру РСО-Аланиием щыІэ милицэм и генералмайор Аренин С. и унафэкІэ ЯкъратащІ «Къулыкъым къызэрыщыхэжанымкІам пащІэ» дамыгъэр.

Думай Борис илъэс 40-м щІигъу щхьэузыхь хуищІащ къэрал кІуэщІ органхэм. МафІэсым зыщыкьумэнымкІэ Іуэхуащ Іанім и инспектору кьыщІидзэри, республикэм къэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэм нэсащ. 1992 гъэм отставкэм кІуэри, нобэ Урысейм щынэхьыфІхэм ящыщ зыуэ кьалытэ МВД-м и ветеран организацэм и унафэщІ хуэщІ. Иджыпсту абы кьызэщІеубыдэ ветеран мини 3.

Ветеранхэм я фІыгъэкІэ, 2007 гъэм кьыщІагъэщащ щІэпхьаджащІэ 52-рэ, ипэ ита ильэсхэм ельытауэ ар хуэдиткІи нэхъыбэщ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэмрэ ветеранхэм я Советымрэ я мурадщ «Урысей МВД-м и ветеран» фондым и щІыналъэ къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыгъэІуэну.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущапіэ.

● КъБР-м и Президентым кьыхуатх

Сыэзрыхуэщхьэпэным сыхущІокъу

Уэ ди Президент узэрыхьурэ республикэм куэдкІэ зихьуэжащ, а зэхьуэкІыныгъэфІхэр иджыри йокІуэкІ. Ильэс зыгІуэ ящкІэ ди нэгу ядытхущІамыгъэхьуу щыта Іуэхуэхэр, уи унафэм щІэту республикэм щызэфІагъэкІ. ЩІалэгъуалэм, щІыху псоми жьыджру кьыбдаІыгъщ уи Іуэхумрэ уи политикэмрэ. Дэ иджы гугъапІэ дгъэутыжащ зэпІэзэрытыр дызэрыпсэунымкІэ, къэкІуэну зэманым екъуІэныгъэр насыпрэ кьызэрыгудэкІуэнымкІэ. Сэ схуэфащІ къэзгъэзэнэкъым дн республикэм, абы и щІыхуэм сахуэущхьэпэн, ди экономикэм знужьын, нэхъ льэщ хуэн пащІэ.

МАЗЭШОКЪУЭ Марин. *Налшык къалэ.*

● Тхьідэм и лъагъуэкэр

Бэрэдж - убых лъэпкъ цІэрыІуэ

Шахэрэ Хьуэсэтэрэ я тІуащІэм дэсащ убыххэр - ныІуфэм кьыщыщІэдзауэ бгыщхьэм нэс. ЩІэныгъэлІхэм я нэжьыбэм зэратхьыжьауэ, убых лъэпкъ кьыр мин 70-м кьыщыщІэдзауэ мини 100-м нэс хьууэ щытащ - Кавказ зауэм и уэкьыІэ аХэр псори ЗыркуМ ІэпхъуэН хуеІ хьуащ, абыхэм я щІыналъэращ щыхьыр.

ЗАУЭР екІуэныгъэ, я хэкум и хуитныгъэм щхьэмыгъаазэу щІэбэнащ убыххэр, а бэнэныгъэм кьыхэжаныкІ эпытащ, икІэм-икІэкьым я щхьэр абы халъхьащ: ЗыркуМ Іэпхъуэн хуейуэ ирахуІэри, ильэсищІэ нэхьыбэ кьагъэщІэжакьым - нэгъэущІ лъэпкъхэм хэшыпсхьыкьри, я бзэри яфІэкІуэдащ.

Я хэкум папщІэ убыххэм ирагъэкІуэкІа бэнэныгъэм ущыкьмыгъазэрэ, Іуэху хьунукьым лъэпкъ куэд зыхэта Кавказ зауэм и щхьэусыгъуэхэр, ар кьежьэн хуей щІэхъуамрэ абы кьыдэкІуа насыпнышагъэхэр зыхуэдизымрэ.

Кавказ зауэм хэджэрэз нэхъ. Ильэс щэщІым щІегъуКІэ Іэщэр зы махуи ягъэтІыльакьым убыххэм - абыхэм кьахэкІащ зи цІэр ящжьэ щыІуа лЫщхьэ, дзэпщ, дзэзешэ щІэрыІуэ куэд. Абыхэм ящыщу псом ягъэ зи цІэ кьиІуапхъэр, даун, Бэрэдж лъэпкъырщ. А лъэпкъращ Хьэжьы-Бэрэзэдж, Бэрэзэдж Джырандыкьуэ сымэ кьыдзыхэКІар - Кавказ псом щыщІэрыІуэращ а дзэпщ дзырэзехьэхэр, ахэращ убыххэм я бэнэныгьэр ильэс щІэщІкІэ зыунэтІар.

Бэрэзэджэ я хьыбар ущрохьэлэ «Мейдан (Ларусс - ныгъуасэ (энциклопедием), а лъэпкъым тетхьыхьауэ щытащ франджы щІэныгъэлІ Дюмезиль Жорж - убыхьдзэмрэ убых ІуэрыІуатэмрэ теуХуа лЖьы- гъэшхуэ щІэрыІуэ куэд. Абыхэм я щІыпІ 35-рэ хуэдизу щылэжьэнущ. Тэмэму къажэгъэсэбэнмэ, мы Іуэхущапіэм щызэхэдзыфынущ икІи щелэжьыфынущ зэрыщыту республикэм щыхьфІадзэ кІэрыхубжьэрыху псоми. Аха лЭжьыгъуитІу - къагъэсэбэнымкІэ кІэрыхубжьэрыхурэ сэбэп мыхъуну куэнщыбу - зэхадзынущ. Япэрей Іыхьэр (ТХЫЪЫМПІэр, картонбр, Іуащ1эжІыр, пластикыр) абыхэм щелэжь Іэнатіэхэм ирагъэшэнщ, етІуанэ Іыхьэр зэкІуэщІапхъэурэ щыІпІэхэхам щыщІатІэнущ. А щІыпІэр зыхуеІ хуагъэзэн пащІэ дызыхуэкІуэ ильэсым КъБР-м и бюджетым щыщу сом мелуани 160-рэ хуауТІыпщынущ.

МЕЧИЕВ Асхьат,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Зыуэ щыт хъыбарегъащІэ Іэмалхэр

(ПэщІэдзэр 1-нэ нап)

Газетхэр, журналхэр кьыдэгъэкІыным, телевиденэм нэтын купщІафІэхэр кьегъэтыным теухуауэ ди къэралым нобэ щыщІэ щытыкІэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым и секретарь **Гутионтов Павел.** Абы нэхьыбэ льэныкьуэ кьыхихьащ ящыщ СМИ-м теуХуа кьэрал законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр, абы ипкъ иткІэ, программэ щхьэхуэ ягъэхьэзыру Къэрал Думэм и пащхьэ зэрыральхьар. Павел кьыхигъэбелджылыкІащ иужьрей ильэсхэм журналист 300-м нэблагъэ я Іэнатіэм пэрыту зэраукІар икІи ар кьызэрыхьуар зэхэгъэкІыным хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр емыгугъуэ кьызэрильытэр. АпхуэдэуГутионтовыр кьытеуваІащ 1996 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис кьЫдигъэкІа, 2000 гъэм Путин Владимир Іэ зытридза унафэм - газетым кьытрадзэ тхыгъэхэм кьулыкъущІэхэм жэуап иратын зэрыхуейм теуХуар - нэгъэсауэ гъэзэщІа зэрымыхьэм.

ЗэІущІэм кьыщІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт Ипщэ щІыналъэм щыІэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэдэлэжьэныгъэр егъэфІэкІуэн, Кавказ Ищхьэрэм зыуэ щыт хьыбарегъащІэ Іэмал кьыщыпхъэдэгъэнэщІ ящыщ. Ларисэ фЫщІэ яхуищІащ гуноранрыр мащІэмэ, республикэ зэхуэмыдэхэм нэтын дахэхэр кьахурегъэзэ журналистхэм. Бзыпкъугъэм жиІащ зы щІыпІэ зыгуэр кьыщыуамэ, хьыбарегъащІэ Іэмал кьыщыщІэгъэнэщынкІэ зэрыхуейр, Абы теуХуауэ кьэпсэльащ ПІэтІокъуэ Аслъэн.

- Краснодар краймрэ Адыгеймрэ 2007 гъэм зэгъусэу кьызэдгъэпэщащ зыщІащ мыпхуэдэ форум, - жиІащ Аслъэн. - Абы кьырихьэлІат республикэ, кьалэ, куей газетхэмрэ телевиденэхэмрэ я лЫкІуэхэр. Ар икъуэкІ лъэбакьуэ пэжт гъэнэгъэ хэгъуэгуэр зэрыщІэныМкІэ, зэдэлэжьэныгъэ. Абы кьырикІуэхэм кьагъэльэгъуат Ипщэ Федеральнэ округым хьыхьэ субъект псоми я лЫкІуэхэр зэхуэтпэсмэ, щхьэпэ зэрыхьунур. Формуым нэхъыбэ кьызэщІедгъэубыдэу ильэс кьэс едгъэКІуэн хуейщ, сыту жьыпІэмэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр гугъуэхъ мыщІэ ирохьэлІэ, зэгъусэу Кьэрэшей-Шэрджэсыр кьызырыдащтар и гуапэу жиІащ. Апхуэдэу «Адыгэ псалъэм» игъэхьэзыращ «Апсна» (Абхъаз), «Абазэатаи» (Къэрэшей-Шэрджэс), «Растдзэнад» (Осетие Ищхьэрэ - Алание) газетхэм я кьыдэкІыгъэ зэгуэтхэр. Хьэфыщэм кьы-

● Пресс-конференц

ФІагъыр здэщыІэр

Мэкъуауэгъуэм и 27-м «Синдикъ» интур-хьэщІэщ конгресс-центрым щекІуэкІащ Краснодар кьалэм и «Іпэ щхьэгъубжэ завод» ООО-м и унафэщІхэм я жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэща пресс-конференц.

Ар дяныгъащ «ПРОФАЙН» (Германие), «МАЮ» (Австрие), «СТИС» (Урысей) юмпание лъэщхэм я лЫкІуэхэмэ.

ЗэІущІэр теуХуауэ щытащ гъущІ-пластик щхьэгъубжэхэр КъэбэрдэйБалъкъэрым зэрыщызэбгрыкІым, абы Іуэху хуаІэр зыгъэзыІу фирмэхэр зэрыдгъэхьэм.

«Іпэ щхьэгъубжэ завод» ООО-м и лЫкІуэ Головченкэ Андрей зэрыжиІамкІэ, ди республикэм щаІэ кьудамэхэм хьарзыныгъэ ядэлажьэмэ, я компаниемэ и дамыгъэр кьагъэсебэлупрэ, фІагьыгуэри зимыІэ продукцэ нэгцІкІэр льапІэу пхьызыгъэкІыну хуІэкъуэ щхьэхуэщхьэхэмрэ гъэпцІакІуэхэмрэ кьэунэхуащ.

«Абыхэм ди пщІэр ираудых, дызыпыщІа компание цІэрыІуэхэм гуэрыщІэ ирагъэщІ. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и хьыбарегъащІэ Іэнатіэ псоми щыщхэр кьыщыдгъэблэзэрыр пэжыр хэІущІыІу тщІыну Аращ, - кьыгъэльэгъуащ абы.

Ящэ псалъэр зыльаГъэса «ПРОФАЙН» нэмыщІ фирмэм и унафэщІым и кьэзыдзэ Нойман Ханс Вилли кьызэрыхигъащамкІэ, ильэс 50 и пэкІэ гущІ-пластик щхьэгъубжэхэр кьыщІэныкьи щІэзыдза я Іуэхущапіэр нобэ Европэм щыпашащ. Абы и кьудамэхэм зыщІадзэ США-м, Испаниием, Италиемрэ Франджым, Китаймрэ Урысеймрэ. Концерным цІыху мини 3-рэ 700-рэ Іэнатіэкіэ кьызэрэгъэпэщ, ильэсым ерэр мелуан 848-м щигъу и уасэ лэжьыгъэ эофІегъэкІ, фІагъ льагъэ зиІэ пластикым хуэдизу игъэхьэзырым хэхьуэ зыгъэпщІ.

«1999 гъэм Урысейм ди Іуэху кьыщыІэуЭтхьыну дыщытегъуэхуам апхуэдэ льэбакьуэм льэныкьуитІми я сэбэп зэрыхьэльыр нАуэ кьэхъуат ИкІи зы махуи дыхущІегъуэжакьым. НэгъэущІ компание льэщхьэм драгъэсэу, Краснодар заво дым папщІэ хэхауэ кьэдгупсысащ «Нобель» щхьэгъубжэ лІэужьыгъэущІэр. Ар Урысей Ипщэм и мызакъуэу я, нэгъэ щІэ щыпІэкІи я ІэущІыІу щыхуащІ. Дэ абы иригъуу кьыхудоутІыпщ фІагъ льагъэ дыдэ зиІэ пластикхэр. Ильэс дзыхьуэкІэм щегъэжьауэ нэгъэщІ лІэужьыгъэущІи кьыхуедгъэшэнщ»,- жиІащ Нойман Ханс Вилли.

«МАКО» австрие концерным и тхьідэм журналистэ зр хигъэгъуэза нэужь, а компаниемэ и лЫкІуэ Мелихов Виктор зэпкьрыхауэ кьытеувыІащ «Іпэ щхьэгъубжэ завод» ООО-м гуащІафІэу зэрыщІэлажьэм, я зэпыщІэныгъэхэр нэрылъагъу зэрефІакІуэм.

«МАКО»-р ящыщ щхьэгъубжэхэм ямрэ бжэхэм папщІэ фІагъ зиІэ пластикыгъуэхэр кьыщІэзыгъэкІ фирмэ нэхъ льэрызехьэ дыдэу дуней псом кьыщалытэхэм. Абы Калугэ щеухуэ я продукцэм щелэжьыну заводыщІэ. Ар мы гъэм и кІэм кьызэІуахынущ.

Апхуэдэу я Іуэхущафэхэм, я зэпыщІэныгъэхэр зыхуэдэм, я мурадхэм зэхуэсахэр хагъэхъуэжащ абджыпсхэр кьыщІэгъэкІынымкІэ Европэм щыпашэ «СТИС» компание ехьэжьамрэ «Іпэ щхьэгъубжэ завод»-мрэ я лЫкІуэхэу Бегунов Феликсрэ Вязанкин Павелрэ.

Вязанкин Павел зэрыжиІамкІэ, «Іпэ щхьэгъубжэ завод» ООО-м и кьудамэ миным нэпгагъэм нобэ Урысейм щызэфІагъэкІ ерэр меларди 6 и уасэ лэжьыгъэ. Мы гъэм и закъуэ гъущІ-пластик щхьэгъубжэ мин 400 кьыщІагъэкІынущ.

«Дэ ди мурадщ ильэс гъунэгъуэхэм Европэм бжьыпэр щыдубыдыну. Абы и льэныкьуэкІэ Іэмал псори диІэщ», - кьыкиГъэщащ щхьэпэсхэм.

Журналистхэм я упщІэхэм жэуап щаритым, «Іпэ щхьэгъубжэ завод»-м и лЫкІуэ, пресс-конференцыр езыгъэлЫэкІа Головченкэ Андрей кьыгъэльэгъуащ я хэщІапІэхэр Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ, Нарткъалэ, Май щхьэкІэ зэрыщІэлажьэм, мыгувэу апхуэдэ кьудамэхэр Тырныауз, Тэрчэр Шэджэмрэ кьызэрыщІэуІуахынур.

«Дэ ди ІэдакъэщІэкІэхэр щывгъуэтынур а Іуэхущапіэхэм я зэкъуэщ. Ди компаниемэ и дамыгъэ кьадыгъуэр тету нэгъэущІ щІыпІэ зи щащэ щхьэгъубжэхэр кьэмывщІыжу, ящыгъуэ ІэрыщІщ, зыкьемыгъэгъапщІэ», - кьыхихгъэщащ абы.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Москва и Іэтащхьэхэм я жэуапыр

Ди хэкум и кьалащхьэм зи щхьэр кьыщызыІэт национализтхэм нэхъ ткІийуэ япэщІэуэвэнымкІэ лжьыпхъэхэр Москва кьалэм и къэрал властым и органхэмрэ хабзэхьумэ органхэмрэ зэщІыгъуу яубзыхуну Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым мы гъэм и гъатхэпэ мазэм льэІукІэ захуигъэзэу щытащ Москва кьалэ Думэм и депутатхэмрэ Москва кьалэм и Іэтащхьэ Лужков Юрийрэ. Кьащтэмэ, абы кьыщыгъэльэгъуат нэгъэущІ льэпкъхэм кьыхэкІауэ Москва кьалэм дэсхэм, абыхэм ЭкьэбгрэІ-Балькъэрым икІахэри яхэту, щІэныкъэжащІэхэр нэхыбырэ ятеуэ зэрыхуам КьБР-м и Парламентым и депутатхэр зэрытегъэзыжьыр.

Идыкьлалъэ республикэм и Парламентым кьыЗрыхьэжащ а гъэтхэм и жэуапыр. Абы итщ:

«МОСКВА кьалэм национализтхэм я щхьэр кьыщемыгъэІэтыным, льэпкъ зэмылІэужьыгъэхэм кьыхэкІаХэм, зэрыт динхэр зэхуэмыдэ щІыкуэхэм я зэхущытыкІэхэр зэрырагъэкІакІуэр кьызэгуроІуэ икІи хьыбар фызогъащІэ ящыщ ЭкьэбгрэІ-Балъкъэрым и Парламентым Москва кьалэм и унафэщІ Лужков Ю.М. зэрызыхуигъэзам Москва кьалэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэр гулытэ хуащІу хэпльащ.

Апхуэдэ мыхьэмышІэу Москва фызэрытегъэзыжьыр сэри хэбдзын щымыІэу кьызэощтэ, щІыхэр кьызыхэкІа льэпкъкъым, расэм тещІыхьауэ ятьагъу зэрымыхьэм кьыхэкІыу ятлэжь щІэпхьаджагъэхэм зэрыщыту къэралым и льэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр зэрырагъэкІакІуэр кьызэгуроІуэ икІи хьыбар фызогъащІэ ящыщ ЭкьэбгрэІ-Балъкъэрым и Парламентым Москва кьалэм и унафэщІ Лужков Ю.М. зэрызыхуигъэзам Москва кьалэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэр зэрыщІэлажьэм, Урысей Федерацэм и хэгъэгуэр зыхуитым тещІыхьауэ хьыбар фыдогъащІэ зи гугъу тщІы ІэнатІэм дяпэкІэ щалэжьыну псори Іуэхум и кьызэгъэпэщыкІэм и фІагьыр зыхуэунэтІауэ зэрыщытынымкІэ».

ПхъэнкІий зэхэдзыпІэр 2009 гъэм ирихьэлІэу ящІынущ

Аруан районым пхъэнкІий щызэхадз зыкъ щыцІуэныным теухуауэ подряд Іуэхущапіэхэм ирагъэкІуэкІа зэпеуэм «Иман» ООО-р щытекІуащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынымкІэ КъБР-м и районхэр Іуэхуэкіэ ящыщхэхикІухьа зэманым апхуэдэ завод ящІыну республикэм и Президент Кьарнокъуэ Арсен кьыхилъхьауэ зэрыщытар. Абы и щхьэусыгъуэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсыр лъэныкъуэм зэкІэлъыкІуэ гъэу куэд зэрыхэлъырщ, заводыщІэр щащІын пащІэ кьыхаха куэнщыбё идзыпІэ нэхъ ин дыдэу Аруан районым щІэн нэмыщІ, тІэкІу нэхъ цІыкІуми, зэрыщытту республикэр кьапщтэмэ, апхуэдэ щІыпІэу 308-рэ зэрыщыІэрщ. А псоми ящыщу куэнщыбё щрадзыну хуит яІа щІыпІэхэр 141-рэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм кьиІэта жэрдэмым ипкъ иткІэ, Дыжьэзыхьурейхь дунейр хьумэнымрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ министерствэм зэпеуэ кьызэІуихащ пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхухэмрэ елэжь заводым и проект-смётэ тхылъхэр гъэхьэзырыным теухуауэ. ЕпэкІа илъэсым и фокІадэ мазэм абы къэрикІуэхэр кьапщтэжащ икІи «Московскоканалгиипроект» предприятэ зэгуэтыр текІуауэ я кьалъытащ. А Іуэхущапіэм зыхуэфащэ тхылъхэр игъэхьэзыра иужь, подрядчикыр кьыхэхьныным теухуа зэпеуэ зэрыщІэуахащ.

